# Нур

7
2017
ISSN 0207-6551

6+



## *Урыс литературэм и классик, усакӀуэ Пушкин А. С. дунейм зэрехыжрэ мы гъэм илъэси I80-рэ ирокъу*

Ди еджакIуэхэ!

Мы къыдэкIыгъуэм фыхишэнущ урыс лъэпкъым и усакIуэ нэхъ лъэщ дыдэ Пушкин Александр сабийхэм къахузэIуих дунейм. Журналым адыгэбзэкIэ зэдзэкIауэ теддзащ «Пащтыхьыпхъу лIамрэ пелуаниблымрэ я псысэр».

Хэкурысхэми хэхэсхэми къыфIэрохъэ «Нурыр». Хэкурысхэм Пушкин зэрыуса бзэмкIэ и тхыгъэ фыкъеджэну фи насып къиххьащи, мы псысэри курыт еджапIэм и программэм хыхьэу фагъэдж. Иджы Iэмалыфl фиIэщ урысыбзэр тегъэщIапIэу (псалъалъэу), абы евгъапщэурэ адыгэбзэми фыкъеджэну. Анэдэлъхубзэр нэхъыфIу фщIэнымкIэ ар сытым хуэдэу сэбэп хъуну!

Хамэ къэрал щыпсэууэ, «Нурыр» зыIэрыхьэ сабийхэ! Урысыбзи зымыщIэу, Пушкинри зымыцIыхухэм сыткIэ тхыгъэр фхуэщхьэпэну? Дуней псом щыцIэрыIуэ усакIуэм и IэдакъэщIэкIхэм ящыщ зы нэхъ мыхъуми адыгэбзэкIэ фщIэнкъэ! Ар псыпэ фхуэхъуу и тхыгъэхэм фыдихьэхынкIэ хъунщ. Пушкиным еджэн къудей щхьэкIэ урысыбзэ зэзыгъэщIа куэд щыIэщ. А усакIуэращ урысыбзэр пшыналъэфI хуэдэ жьыхуу, бзэрабзэу, узыIэпишэу зыгъэпсэлъауэ щыIэр.

Ди адыгэ усакIуэхэр Александр Сергеевич и тхыгъэхэм дихьэхым – зэрадзэкIыурэ зэхуахьэсыжахэр тхылъ щхьэхуэу къыдагъэкIыжащ. Пушкин и усэбзэм адыгэбзэр зэрыпэбзэрабзэр ягъэлъэгъуэну арауэ пIэрэт?..

«Нурым» и ныбжьэгъу цIыкIухэ! Мы журналым теддзэр иджы япэу дунейм къызыхутехьэр фэращ. А усакIуэшхуэр цIэрыIуэ зыщIа таурыхъ телъыджэхэм «Пащтыхьыпхъу лIамрэ пелуаниблымрэ я псысэр» къащIыхэтхам и зы щхьэусыгъуэщ – мыр щитхым Пушкин ди хэкум и дахапIэ Псыхуабэ и мэз IэшэлъашэхэР и нэгу зэрыщIэтар…

**ПУШКИН Александр**

# ПАЩТЫХЬЫПХЪУ ЛIАМРЭ ПЕЛУАНИБЛЫМРЭ Я ПСЫСЭ

Пщыр Пщыгуащэ ирегъажьэ,
Гъуэгу гъуэмылэри хуегъажьэ,
Пэплъэу щэхуу мэтIысыж,
И щхьэгъубжэм Iуозэшэж.
Нэхур щамэ, пщым ар йожьэ,
Жэщыр хъуамэ, зэшу хуожьэ,
Махуи жэщи зы хуохъуж,
Нэр плъызауэ къыщохъуж...
Борэн фийуэ жьыр йоIэжыр,
ЩIым хужьыпсу зреIэжыр,
И щхьэгъусэр къэмысыж,
Лъагъуэр уэсым есеиж.

Губгъуэ фэхум и нэр къису,
Мазибгъу пIалъэр зэрынэсу,
Гуащэм лъхугъэр пкърыкIащ,
ПхъукIэ ар зэIэпыкIащ.
Нэхущ бзыгъэм и хьэщIэгъуу,
ГурыфIыгъуэр зыдэщIыгъуу,
Пщы ежьари къэкIуэжащ,
Адэ хъуауэ къэсыжащ!
Гуащэр пщышхуэм зэрыIуплъэу,
Зыпэплъам и нэгу зэриплъэу,
И гум хыхьэу гуфIэщащ –
Гуажэ щыхъури – илIыкIащ.

Пщыр Пщыгуащэ хуэщыгъуами,
И гум ар хуимыгъэхуами,
Илъэс пIалъэр блэлъэтащ,
Гуащэ щIали къишэжащ.
Пэж ухуеймэ, ар дахащэт,
Нэр пIэпихыу къупщхьэ гуащэт,
Бгы псыгъуабзэт, хужь зэкIужт,
Акъыл тIэкIу а псом щIыгъужт.

Ауэ хьэлкIэ гуащэр пагэт,
Фыгъуэнэдт, ерыщт, пэ задэт.
Гъуджэ гуэр къыздрихьэкIт,
Гуащэм ар и дыщырыкIт.
Абджым фIагъыу мыри иIэт:
Бзэ Iурылъу пэжыр жиIэрт.
Зэштегъэууэ псэлъэгъуфIт,
Гуащэм и уэршэрэгъуфIт.
Гъуджэм жиIэм ар дэгъагъэт,
ИгъэгуфIэу зыхуигъафIэт:
– Си псэ закъуэу гъуджэ нэху,
Пэжыр жыIи, сигу гъэпсэху.
Гуащэу щыIэм сращIагъуэ?
Сранагъуэ? Сравагъуэ?
Гъуджэм мыр жэуапу къитт:
– Уэр нэхъ дахэ щIым темыт!
Гуащэу щыIэм уращIагъуэщ,
Уранагъуэщ, уравагъуэщ.
Ар зэхихти умэзэхт,
Дыхьэшх макъым игъэмэхт.
Джэдуунэр щIиукъуанцIэу,
И дахагъэм укъигъапцIэу,
ИувыкIырт, и пщэр хишт,
Гъуджэм иплъэу зызэфIишт.

Пщым ипхъу пщащэ гуащэ нагъуэм,
Щэхуу хэхъуэу – щэхуу гъагъэм,
Гу лъамытэу зилъэщIат,
Пхъэхуей лантIэу зишэщIат.
ЩIым теувэмэ – щIыкIафIэт,
Псалъэ жиIэмэ – щэныфIэт.
Лъыхъу и куэдми и псэр зейр
ПащтыхьыкъуэуЕлисейт.



Лъыхъу къэкIуам пщым зыхуегъазэ,
Дыщырыкlыу пхъум хуегъазэ
Къалэщхьибл. Абы нэмыщI,
Унэ щхьэхуэу щэрэ плIыщI.

Пщащэ щысым зыхуигъэпсу,
Гуащэ бзаджэр унэм щIэсу
Гъуджэ цIыкIур къызыкъуех,
ЖиIэу мыр, зыкъыхурех:
– Сэркъэ псоми я нэхъ щIагъуэр?
Я нэхъ гуакIуэр, я нэхъ дэгъуэр?
Гъуджэм мыр жэуапу къет:
– Уэр нэхъ дахи дунейм тетщ.
Пщым ипхъу пщащэ гуащэ нагъуэр
Ар нэхъ хужьщ икIи нэхъ щIагъуэщ.
Гуащэр зэуэ къыщолъэт,
Игу бзаджаер къыфIолъэт.
Гъуджэ цIыкIуу абджыпс пIащIэм
Теуэ-тепкIэу зытришащIэу:
– ПцIы уоупс, гъуджэ мыгъуэжь,
Фыгъуэнэду абдж Iеижь!
Сэ ар дауэ къыспэхъуну?!
Сэр нэхъ дауэ нэхъыфIыну?!
Куэду фIыщэкъэ хэхъуам,
Сэ сыхъунт, ар хужь мыхъуам –
И анэжьыр щыуэндэгъум
Уэсым еплъу ист и абгъуэм.
Пэжыр жыIи сигу гъэпсэхут,
Гъуджэ нэху, умыущэхут,
СыткIэ ар сэ къызэфIэкIрэ?
СыткIэ нэхъ къызэдэхэкIрэ?
Пащтыхьыгъуэр зэхэкIухь,
Уэ бгъуэтын сэр нэхъ нэкIуху?
– Ар нэхъ дахэщ, ар нэхъ гуакIуэщ,
Нэхъ щIыкIафIэщ,нэхъ фIэрафIэщ...
...Фыгъуэм и гум зыпхыредз,
Гуащэм гъуджэм зыпыIуедз.
УнэIуту НапщIэуфэм,
Щтауэ зи щхьэр щIэзыуфэм
Къоджэ щIэхыуи, къегъэс,
Мыр унафэуи лъегъэс:
– Мэзыжь дыджым шэ мо жагъуэр!
Псейм епх псэууи, уощIэ лъагъуэр,
Абы тету къэгъэзэж,
ХьэIуцыдзхэр иретхъэж!

Гуащэм и псэр ем IэщIэхуэм,
И губжь бзаджэм упэщIэхуэм,
Сыт пхуещIэн? Мэз Iувым пхыкI,
ЛIэным хуэдэу зи псэр IукI
Пщащэ нагъуэм и гур къокIуэ –
Къэхъуа псори къыгуроIуэ.
УнэIутым ар йолъэIу:
– ГущIэгъу уиIэм, си псэ тIэкIу,
Уэ мыбы сыкъыщIумынэ,
Упхыу си пкъыр, къыщумынэ.
Пщащэ гуащэу сыт схуэщIэн,–
Сыхъумэ *Гуащэ,* узгъэфIэнщ.
Мыдрейм и нэр къохъури псыIэ
Игу къыщIэгъуу къоплъ, зешыIэ...
– Тхьэр уи гъусэщ, гуащэ нэху,
Уи гум ар зэй иумыгъэху,–
ЖиIэу унэм ар къокIуэжыр,
Мыдрей ябгэм «зелыгъуэжыр»:
– И щхьи и пкъи бгъэкIуэда?
Жэщ мэз дыджым икIуэда?
– И Iэ-и лъэ зэщIэпхауэ,
Жыг гъумыщIэм кIэрыпхауэ
Мэз дэгужьым къыщIэзнащ,
ХьэкIэкхъуэкIэм къахэзнащ.

Къэралыгъуэм щоIу арыххэу,
Ини цIыкIуи зэIэпахыу:
«Пащтыхьыпхъур уэхбзэх хъуащ,
ЩIыр зэгуэхури, яку дэхуащ!»
Елисей и гущIэр мажьэ,
Тхьэ елъэIуурэ йожажьэ,
Къилъыхъуэну гум хэпщIар,
Зи гуIэгъуэм къилыпщIар.

Жэщ мазэгъуэр и пшэкIухьу,
Пщащэм мэзым къыщикIухьу,
КIэху къыщищIым екIуэлIащ
Пхъэ унэшхуэ, бжыхь IулIа.



Куэбжэм хуэмурэ щыIухьэм,
Къыпожажьэ, банэу, зы хьэ.
Ауэ, хьэщIэр зыхищIэху,
Хьэм хуэм-хуэму зеущэху.
Джэгуу пщIантIэм ар ныдешэ,
И бжэIупэм дахэр Iуешэ,
Пщащэр хуэхъуу хэгъэрей
ДэкIуеипIэм дрешей.
ЩтэIэщтаблэу бжэр щыIуихым,
Пэш хуитышхуэ зыкъизыхым
Пщащэ нагъуэр нысIыхьащ,
ИгъэщIагъуэу зиплъыхьащ:
Пхъэ тIысыпIэхэу къекIуэкIым,
Алэрыбгъуу лъэгурыкIым
Я утыкум стIолыр итщ,
Хьэкур бгъуфIэщ, дакъэр хуитщ.
Пщащэм пэшыр зыхищIауэ,
ЦIыхуфI унэу къыфIэщIауэ,
Хьэкум мафIэ ирищIащ,
ЗэщIилъащIэри, пщэфIащ.
Iуэхуу иIэр зэриухыу,
Езэшарэ и псэр пыхуу
Гуащэм пIэм зригъэщIащ,
Жейри, и щхьэр къыфIэщIащ...

Укlыта къызэщIэнауэ,
ТIэкIуи игу къызэфIэнауэ,
Абдеж пщащэр къыкъуэкIащ,
Зэшхэм щхьэщэ яхуищIащ.
– Къысхуэвгъэгъумэ... – яжреIэ,–
ЗэрымыщIэ зэхэзекIуэ
СщIыуэ мэзым сыщIэтащ,
Си щхьэр фэ къывэсхьэлIащ.
И псэлъэкIэр ягу дыхьауэ,
Я гум пщащэр ирихьауэ,
ЖьантIэ дыдэм ар дашащ,
Хьэлу Iыхьи IэщIалъхьащ.
Фадэ пIащIэр хурагъахъуэ,
ФIыгъуэу щыIэмкIэ хуохъуахъуэ.
Пщащэм фадэр яIимых,
ЕмыIуб, игу Iэпимых.
Хьэлу Iыхьэм щыщ йодзакъэ,
ЕIэт напIэри, къолъаIуэ:
– Хъункъэ, щIалэхэ, сэ тIэкIу
Сеша сфIощIри, зызгъэпсэху?
Лэгъунлейм пщащэхур щIашэ,
ХуащIу пщIэ я жьантIэм дашэ.
Пэшыр хуиту къыщIэкIат,
Гугъэзагъэу къищIыкIат.

Шэджагъуашхэр къэблэгъауэ
КъыщIохьэж, уий, тхъуэплъ хъужауэ,
Уардэ щауэ зэкъуэшибл –
Зэкъуэшибл-пелуанибл.
Пашэм жеIэ: – Сыт мы слъагъур?
Сыту къабзэ унэр, лъэгур?
– ХьэщIэу хэт къытхуеблэгъа,
Къытхуеблагъэу къытпэплъа?
– Уэ ухэт? Зыкъэгъэлъагъуэт,
Ныбжьэгъу дыщIи дыкъэлъагъут!
– Унэхъыжь? –Уадэкъуэщщ.
– УщIалэщIэ? – Удикъуэшщ.
– Упщащэхумэ, шыпхъу утщIынкъэ,
УдгъэфIэнкъэ, утIэтынкъэ.
– Е, унанэм – Анэ тхухъу,
Уэ уи жьауэр махуэ тхухъу.

Махуэм махуэр кIэлъокIуатэ,
Зэман пIащIэри докIуатэ.
Пщым ипхъу дахэр мэзым щIэсщ,
Зигъэфlэжу я жьэгу дэсщ
Пелуаниблу зэдежажьэм,
Зэштегъэууэ зэрешажьэм.
Мэзым ахэр пхыролъэт,
Мэзджэд пшэр къыхагъэлъэт.
ЩакIуэ Iуэхум тезэшамэ,
Тэтэр хъыжьэр хагъэщIамэ,
ЗызыбзыщIу мэзым щIэт
Шэрджэс хахуэм зрапщыт.

Зэкъуэшиблым я шыпхъу папщIэу,
Гуащэ пщащэр тхьэщIэу, лъащIэу,
Яхуэпщафlэу унэм щIэст,
И Iэ-и лъэ дэнкIи нэст.



Зэшхэм зэй япэмыпсалъэт,
Пщlэ къыхуащlу я шыпхъу lэсэт.
Сыткlи ар яхуэгунэст,
Фlыщlи-щытхъуи къылъагъэст.

Зэшхэм дахэр шыпхъу ящlами,
Зэрымыщlэу гу хуащlати,
Зэмыбийуэ зэрыщlащ,
Пажэм пщащэм жриlащ:
– Шыпхъу утщlауэрэ къекlуэкlми,
Ди зэдауэр йогуэщlэкlри
Блыми гу зэрыпхуэтщlар
Зыхэпщlауэ къытфlэщlащ.
Дязыхэзыр къыхэпхатэм,
Псэгъу абы уэ ухуэхъуатэм,
Адреихым удишыпхъут,
Ди зэдауэри дыухт.
...Догуэ, уи гур хэдгъэщlауэ,
Хьэмэ дызумыпэсауэ
Къысщыхъуа? Е сыщыуа?
Щхьэ уи нэгур зэlуа?

– Блыри дэлъху фысхуэмыхъуамэ,
Е пцlы жысlэу къыфщыхъуамэ,
Тхьэм мы си пlэ сримых,
Си псэм жыфlэр зэхимых.
Блыри сэ фызэхуэзгъадэу,
Псэгъу фысщlыну сыфхэмыдэу,
Лlыгъэ фхэлъу фыдэлъхуфlщ,
Фыгумащlэщ, фыцlыхуфlщ.
Арми, си гур lэщlэслъхьауэ,
Псэм и щlасэ гъэгугъауэ
Силэ закъуэрщ сызыхуейр,
Пащтыхьыкъуэу Елисейщ.

Зэшхэм, щыму хэплъызауэ,
Зыжьэу жаlэ, ягу хэщlауэ:
– Упщlэ щlэщхъукъым. Къытхуэгъэгъу.
Я нэхъыжьым мыр къыщlегъу:
– Армэ, зыри ныбжетlакъым.
– Фэ... сэ си гуи фыуlакъым.
Фигу хэщlынуи сыхуэмей,
Си губгъэни фыхуэмей.

Зэшхэм щхьэщэ къыхуащlыжри,
Щэхуу пэшым здыщlокlыжри
Тхъэрэ псэууэ мэтlысыж,
Зэгуроlуэ, зодэlуэж.

Мыдкlэ, гуащэм я нэхъ ябгэм
Игу къэкlыжмэ – пщащэм тебгэу,
Пlалъэ гуэр зишылэу дех,
Арти, гъуджэр къызыкъуех.
Игъэбийуэ ар щытами,
Игу хуилъ губжьыр темыуами,
Дапхъэм щэхуу къыдехыж,
Зыхуигъафlэу къотlысыж.
– Къохъусыж, гъуджэ, узэшакъэ,
Псэлъэгъуншэ ухъужакъэ?
Пэжыр жыlи къызэкlуж,
Си гур зэуэ гъэпсэхуж.
Дахэу щылэм сращlагъуэ,
Сранагъуэ, сравагъуэ?

– Уи дахагъэри имыкl,
Цlэрыlуагъи темыукl
Мэз дыдж lувым хэт унэшхуэр
Зи псэупlэу, пелуан зэшхэм
Шыпхъу ящlауэ дахэкlейм,
Пщащэу щылэми я лейм.
...Напщlэуфэм гуащэ нэщхъыр
Къыщхьэщохьэ игъэlуэщхъуу.
Арти, пlащlэу зеумысыж,
Гуащэм мыр абы щlегъуж:
– Уэ уи гъащlэр уфlэlэфlмэ,
Упсэуну уи псэм фlэфlмэ,
Е а пщащэр бгъэкlуэдынщ,
Е езыр уэ укlуэдынщ!

Пщащэ хужьу lэпэ lэсэм,
Махуэ гуэрым цып бгъэдэсу,
Хьэ губжьам и макъ зэхех,
И щхьэгъубжэр къызэlуех.
Щlакъуэ башыр игъэдалъэу,
Хьэ къебэным зэми хуилъу,
Бэлэбанэу зы цlыхубз
Итщ пщlантlэкуми, зехуз.



– Нанэ, догуэ зэ, зыIэжьэ,
Сэ уэстынщ хьэлу, къызэжьэ.
Хьэ губжьари ныIусхунщ,
Уи гурыгъуи пщхьэщысхынщ.
– Си псэр ушхи …сыщIэгъэхьэ,
Е уэ цIыкIур къызбгъэдыхьэ.
Мы хьэ гъуамэм сыIэщIэх,
Хьэлу Iыхьи къысхущIэх.

Бэлэбанэу къыдыхьами,
Абы банэу хьэ пежьами
Игу къилъэту пщащэр йоплъ,
Хьэр къобэн, мэкъугъ, къыхуолъ.
ЗэхуэкIуатэу къахуимыдэ –
Банэу, ар яку къыдолъадэ.
– Сыт телъыджэ къыпщыщIа,
Е уи жей ущагъэщIа?!
ИгъэщIагъуэу хьэлу хуедзыр –
Хьэ губжьам ар зыпыIуишым.
Адрейм гуфIэу къыхуедзыж
МыIэрысэ джабэ плъыжь.
– Псапэу пщIам мыр ныпэгъакIуэ,
IэфIу шхы, си пщащэ гуакIуэ.
Е уиIу цIыкIур игъэфIынщ,
Е IэфI хуэлIэ ирихынщ.

Мыlэрысэр тхъуэплъ дахащэт,
Нэр игъафIэу къодэхащIэт.
И зы джабэр плъыжь-дыщэпст,
Фоупс пфIэщIу зыр гъуэжьыпст.
– Тхьэм и нэфI уэ къыпщыхуэну,
Си къэкIуэныр пхуэмэхуэну! –
ЖиIэу хъуахъуэурэ IуокIыж,
Хьэ Соколкэм зеухыж...
Хьэм зыхищIэр хужымыIэ,
Сыт хуэпщIэну, бзэ имыIэ.
Ар пщащэхум худоплъей,
Хуокъугъ мыгъуэ, допIэстхъей,–
«ПIыгъыр щхъухьщи, пщащэ дыгъэ,
ХыфIумыдзэм, ухъунщ мыгъуэ», –
ЖиIэ хуэдэ, докъугъей,
Гур дыхэщIу допщIэуей.
Пщащэр и хьэм йодэхащIэ,
И Iэр пщэцым хопэщащэ:

– Сыт уи лажьэ, си цыпэху?
Гъуэм игъуалъхьи, зыгъэпсэху.
Бжэр сакъыпэурэ хуещIыжыр,
Цыпхым и Iэр ныхуехьыжыр,
Дэлъхухэм пэплъэу мэтIысыж,
МыIэрысэм йоплъ, къоплъыж…
Пхъэщхьэмыщхьэу а дахащэм
Iур лъэмыкIыу зэдэхащIэм,
Дыщэ плъыфэу фоупс щызщ,
И мэ гуакIуэр пэшым щIэзщ.
Шэджагъуашхэм ирихьэлIэу,
Ар ишхыну и Iур хуэлIэу,
Пэмыплъэфу, ехъуэпсащ,
И Iупэплъым нихьэсащ.
Зы дзэкъэгъуэ къыгуигъэхури,
Iум фIэIэфIу иригъэхри,
АфIэкIаи хэмылъа,
Дуней нэхуи Iумыплъа,–
Нэр щIилъафэри арыххэу,
И щхьэ щIыбыр иришэхыу
МыIэрысэр IэщIэхуащ,
Пщащэ хужьыр къытехуащ.

Зэхьэзэхуэ-зэрызекъуэу,
ЩIалэгъуалэ зэхэзекIуэ
Хэта зэшхэр къоблэгъэж,
Япежьащи, хьэм зелIэж.
– Сыт мыгъуагъэ ди нэгу щIэлъыр?
Хьэм уи губжьыр къэзыгъэплъыр?!
Пелуанхэр зэплъыжащ,
Я гум дыгъуэр врижащ.
Унэм хьэр нафIыщIолъадэ,
МыIэрысэм бгъэдолъадэ,
ПщIэууэ йопхъуэ – ирегъэх,
Щхъухьым и псэ тIэкIур хех.
Зэшхэм я щхьэ къыфIэхуауэ,
IэфIу ягу хуилъар къэнауэ,
Пщащэ хьэдэм ныхуоплъых,
ГуIэгъуэшхуэр къахуопсых...
Тхьэлъэlу щэхукIэ къаIэтыжыр,
Хабзэу щыIэр ирахыжыр.
ЩIамылъхьэну зопсэлъэж –
Я гум гугъэ къыщоблэж:
Псэр хэкIауэ умыщIэну,



Жей фӀэкӀауэ пфӀэмыщӀыну,
Дахэм и нэхэр зэтелъщ.
Тхъуэплъ гуакӀуащэу ар къыщылъщ.

…Махуищ пӀалъэр псынщӀэу кӀуакъым,
Пщащэ Ӏэсэр къэхъужакъым.
Хабзэу щыӀэр лъагъэсыж,
Абджыпс бэни хуагъэпсыж.

Гуащэ хьэдэр бэным далъхьэ,
Пкъоуих куэщӀым ар иралъхьэ.
ГъущӀхъар кӀапсэ иращӀэж,
БгъуэщӀагъ лъэхъшым кӀэращӀэж.
Абджыпс бэныр ныфӀэщӀауэ,
Пкъохэм лъагэу кӀэрыщӀауэ
БгъуэщӀагъ кӀыфӀым къыщонэж,
ГъущӀсэх хъаркӀэ къахухыж.
Зэкъуэшиблыр йоувыкӀыжри,
Щыгъуэ щхьэщэр лъагъэсыжри
Я шыпхъу закъуэм пщӀэ хуащӀыж,
Я нэхъыжьым мыр щӀегъуж:
– Ди шыпхъу закъуэм ер къыптеплъэт,
Е къыптеплъэри – къыптекӀуэт…
КъыптекӀуам удэкӀуэдащ,
Уи псэр уэгум икӀуэдащ.
Дэ уэ фӀыуэ утлъэгъуами,
Псэм фӀэфӀам удэтлъэгъуами,
Зыми уалъымысыжа,
Бэнырщ узылъысыжар.

Мис а махуэм гуащэ ябгэм
ХъыбарыфӀым нышӀэбэгыу,
Гъуджэ цӀыкӀур къызыкъуех,
ЖиӀэу мыр зыкъыхурех:
– Пщащэу щыӀэм сращӀагъуэ?
Сранагъуэ? Сравагъуэ?
– Уэр нэхъ дахэ щӀым темыт,
Псэ зыӀутым яхэмыт!
Дахэу щыӀэм уращӀагъуэщ,
Уранагъуэщ, уравагъуэщ.

Пащтыхьыкъуэ Елисей
ЗэхекӀухьыр щӀы хъурейр,
Псэм и щӀасэр къыщилъыхъуэу,
ГуӀэу, пыхьэу, Ӏэпхъуэшапхъуэу,
Щхьэрылажьэу щӀым щокӀукӀ,
Гугъэр и гум фӀощӀ пыткӀукӀ...
Хэт хуэзами ящӀоупщӀэ,
Ауан зыщӀхэм ящӀими ӀупщӀэ.
Дыгъэ гъуэжьым худоплъей,
Нэщхъей дыдэу допсэлъей:
– Ди уэгу щыгъэ, уэ зогъазэ,
Гъэри щӀыри зэхуогъазэ,
ЦӀыхуу щыӀэр дыкъолъагъу,
Сэ гугъапӀэ бдызолъагъу.
Си къэшэну пщащэ гуащэр,
ЩӀым щызекӀуэм я дахащэр
СфӀэкӀуэдащи согумэщӀ,
Плъэгъуагъэххэм – умыбзыщӀ.

Дыгъэм мыр жэуапу къетыр:
– ЗэблэзгъэкӀми дунейм тетыр,
Ар слъэгъуауэ сымыщӀэж,
Псэухэм яхэзмылъэгъуэж.
Арми, плъыру мазэ фагъуэр,
Сэ къызблэкӀ мо си гъунэгъур –
Ар бзий нуркӀэ щӀыгум йоплъ.
Уэ еупщӀи, жиӀэм еплъ.
Мазэ ныкъуэм ныхуэзэшу,
И гукъеуэм зыдигъэшу,
Ехьри махуэр Елисей
«Гъубжэ» хужьым худоплъей:
– Мазэ шабзэу си ныбжьэгъур,
Дыжьын плъыфэу си псэлъэгъур
ЖэщкӀэ щӀыгум ухукъуоплъ,
Вагъуэ лыдхэри къыпкъуоплъ,
Уи уэгу хабзэр ягу ирихьу,
Нащхьэ ящӀу зыкърахыу.
Тефлъэгъуа мы щӀы хъурейм
Пщащэ хужьу си дунейр?

Щауэ щӀалэм и гурыгъум
Мазэ нэхум игу иригъуу
ЖеӀэ: – Пщащэр сымыцӀыху,
Сытеплъауи къысщымыхъу.
Е,жэщ уэгум си итыгъуэу,
Си плъырыгъуэ  жэщ мазэгъуэу
Ар зыгуэркӀэ ныблэжа?..
Сытемыплъэу сӀэщӀэжа?



Догуэ, жьым, жьыуей лъэгубгъуэм,
Папщэу щIым зытезыубгъуэм
Уэ еупщIи, жиIэм еплъ,–
Игу къыщIэгъуу мазэр къоплъ.
Елисей зимыухыжу,
Гугъэр псэм Iэпымыхужу,
Жьым деж носри йоупщI:
– Уэ улъэщщ, ужэрщ, уIущщ.
Тхьэм фIэкIа узыщышынэ
Уэ щымыIэ, жьы емынэ,
Пшэ фIыцIэжьхэр уогъэущ,
Тенджыз щIыхур угъэгубжь.
КъэзымыщIэу уи Iэужьыр
Къыппэувым хехыр фэбжьыр.
Уэ плъэгъуа си пщащэ хейр?
Си къэшэныр? Си дунейр?

– ПсыIэрышэм адырыщIкIэ
ЩIыIэнэщIым зыщишэщIкIэ
Бгы абрагъуэм уэ и щIагъ
УщIыхьэнущ зы бгъуэнщIагъ.
Абы и кум абджыпс защIэу
ФIэлъщи бэн, хъыринэ ещIэу,
ГъущI чыданэхэм фIэщIащ,
Пкъо инихым кIэрыщIащ.
Мис абы щожей уи нагъуэр,
Узылъыхъуэ уи уэгу вагъуэр.–
Жьым ар жиIэу щIэпхъуэжащ,
Пащтыхьыкъуэр гуIэжащ.
ХуокIуэ ар бгъуэнщIагъыжь щэхум
Iуплъэжыну пщащэ нэхум.
КIуэм-лъэм, кIуэурэ, бгышхуэм нос,
Бгым и щыгур пшэхухэм нос.
Гъуэ дыдж кIыфIми абы и кур,
Пащтыхьыкъуэр пIащIэу макIуэр,
И пщащэхум хуохъу гъунэгъу,–
Къилъэтыным хуэдэщ игу.
КIыфIым хэту гъуэм щрикIуэм –
Бэну ещIэм нэщыхуэкIуэм,
Уий, жьэхоуэ! Къокъутэх,
Абдж къутахуэр къощэщэх…
КъыхощтыкI, къохъужыр пщащэр,
ГъущI хъар фIэлъым йощIэ-къощIэр,
НапIэ хужьыр къызэтрех,
Хущхьэу, гъущIыр зыпщIэхех:
– Сыжеяти... – дахэр къоплъэ,
И псэлъыхъум гуфIэу Iуоплъэ,
IэплIэ гуакIуэ зэрашэкI,
ТIури магъ, зызэрахьэкI…
Щауэм нэхумкIэ ар хешэ,
И псэм хуихьыр сакъыу нешэ,
Убзэрабзэурэ къожьэж,
ХъыбарыфIыр къатожыж:
– Псэууэ, псэууэ къыщIэкIауэ,
И щауэфIым къишэжауэ
Пащтыхьыпхъур, мес, къосыж!
Гуащэ нагъуэр къокIуэлIэж!
Гуащэ ябгэр губжьым ихьу,
Гъуджэм жиIэм гугъэр хуихьу,
Къызыкъуехри напщIэр хеш,
ЖиIэу мыхэр зызэфIеш:
– Сэркъэ псоми я нэхъ щIагъуэр,
Я нэхъ гуакIуэр, я нэхъ дэгъуэр?
Гъуджэм мыр жэуапу къет:
– Уэр нэхъ дахэ дунейм тетщ.
Пщым ипхъу закъуэу гуащэ нагъуэр
Нэхъ гурыхьщ икIи нэхъ щIагъуэщ.

Гуащэ ябгэр къыщолъэт,
ПIащIэу унэм къыщIолъэт.
Къэсыжауэ пащтыхьыпхъур
Къыщилъагъум, нэр къыщипхъуэу
Зэуэ и фэр къызокIуэкI,
БампIэм и гур къызэгуеч.

Зэрыщ1алъхьэу гуащэ ябгэр
ХьэгъуэлIыгъуэр зэхаублэр.
Хуатх нэчыхьыр мис абдей
ЗэпсэгъуитIу зи дунейм.
ЦIыхур цIыхуу къызэрыхъурэ
Хэмыплъауэ хуэдэ тхъэгъуэ,
ХьэгъуэлIыгъуэр къызэIуах,
ФIыгъуэу щыIэр хузэблах.
Фадэ пIащIэм пащIэр хэсщIэу,
Сэри жьантIэм зыщезгъэщIу
А гуфIэгъуэм сыхэсащ,
Мы таурыхъри сыусащ.

ЗэзыдзэкIар
*АБРОКЪУЭ Беллэщ*

ЕЖЕМЕСЯЧНЫЙ
ЖУРНАЛ ДЛЯ ДЕТЕЙ
«НУР»

Издается
С 1 января 1982 года
№ 7 2017 г.

**Учредители:**
Министерство культуры КБР
Общественная организация
«Союз писателей КБР»

И. о. главного редактора
**Б. М. АБРОКОВА**

Редколлегия:
**Х. КАРМОКОВ**
**А. КАРМОВА**
**Е. ТХАМОКОВА**
**Х. ТИМИЖЕВ**
**П. ХАТУЕВ**

Художественный редактор
**М. ХАЛИЛОВА**

Набор и вёрстка
**Н. РАСТОРГУЕВОЙ**

Использованы иллюстрации из серии: Сказка за сказкой «Сказка о мёртвой царевне и о семи богатырях». Издательство Амфора. Год издания 2015.

Свидетельство о регистрации № ПИ № ТУ07–00103 от 24 декабря 2014 г. Управление Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникации по КБР.

Подписано к печати
03.07. 2017 г.
Выход в свет 28.07. 2017 г.

Формат 60x90 $^1/_8$
Бумага мелованная
Гарнитура Arial, Firenight, beer money, Comic Sans MS.
Печать офсетная
Усл.печ.л. 2
Усл.кр.-отт 8
Уч.-изд.л. 2,7

Тираж 3225 экз.
Заказ № 85
Индекс 73912

**Стоимость одного номера по подписке через ФГУП «Почта России» – 13.87 руб.; за 6 мес.– 83,22 руб.**

Адрес редакции:
360000, Нальчик,
пр. Ленина, 5.
Тел.: **42-17-53, 42-75-30**
**nur.kbr1982@yandex.ru**

Адрес издателя: 360017,
г. Нальчик, пр. Ленина, 5.
ГКУ «КБР – Медиа».
Дом печати.

Отпечатано в типографии
ООО «Тетраграф»
360000, КБР, г. Нальчик,
пр. Ленина, 33.

Отпечатано в полном соответствии с качеством предоставленного электронного оригинал-макета.

**Налщык дэт сабий художественнэ еджапIэм и гъэсэнхэм «Пащтыхьыпхъу лIамрэ пелуаниблымрэ я псысэм» хуатха сурэтхэр**



**ИБРАХИМ** ***Мирабелла,*** илъэс 12



**ШОРТЭН** ***Линэ,*** илъэси 7



**ДАУР** ***Астемыр,*** илъэс 13



**ЕВТЮХИН** ***Тимофей,*** илъэси 7



**ИБРАХИМ** ***Маябелла,*** илъэси 10